

Yon gid pou imigran yo

Sivivan trafik moun

Si ou se yon sivivan trafik moun ki gen yon viza trafik apwouve oswa yon aplikasyon ki te resevwa apwobasyon preliminè, chanjman nan Medicaid ap vini. Men sa ou bezwen konnen:

- Moun ki siviv trafik moun epi ki gen viza "T" (oswa apwobasyon preliminè pou viza T) ap pèdi kalifikasyon yo pou Medicaid nan dat 1ye oktòb 2026.
- Sepandan, ou kalifye pou asistans medikal pou refijye pandan 8 mwa apre ou fin resevwa estati w. Ou ka kontakte biwo DSS lokal ou a pou aplike. Plis enfòmasyon disponib [la a](#).
- Epitou, si ou te deja gen yon viza T apwouve epi kounye a ou gen rezidans pèmanan legal (kat vèt), ou *kalifye imedyatman* san okenn peryòd datant pou Medicaid.
- Ou kalifye pou TANF (Work First Cash Assistance) ak Revini Sekirite Sipleman tè imedyatman apre ou fin resevwa estati viza T oswa apwobasyon visa preliminè pou viza T, si ou satisfè tout krite kalifikasyon yo. Apre ou fin resevwa yon kat vèt, ou kalifye touswit pou SNAP (koupon manje).
 - Sivivan trafik moun yo ka aplike pou yon kat vèt 3 AN apre yo fin resevwa viza T yo, oubyen pi bonè nan sèten sikonstans.

ENPÒTAN:
Sivivan trafik
moun ki se fanm
ansent ak timoun
ki poko gen 19 an
ap kontinye
kalifye pou
Medicaid apre
1ye oktòb 2026,
menm si yo poko
gen kat vèt yo.

Ekip k ap defann
dwa imigran ak
refijye yo pwoteje
epi defann dwa
imigran ak refijye
yo lè l ankouraje
politik piblik ki
favorize imigran epi
lè l bay
reprizantasyon
legal estratejik.



Tan datant pou apwobasyon kat vèt ou a ka long, kidonk si ou poko kòmanse pwosesis pou jwenn kat vèt ou a, ou ta dwe pale ak yon avoka pi vit posib.

- Si ou POKO gen yon kat vèt, ou kalifye pou pwogram sa yo, depi ou satisfè tout lòt krite kalifikasyon yo:
 - Asirans sante nan men [Healthcare.gov](#) (men sèlman jiska 31 desanm 2026)
 - Pwogram nitrisyon pou fanm, tibebe ak timoun (WIC)
 - Manje midi ak dejene lekòl
 - Andikap Sekirite Sosyal ak retrèt Sekirite Sosyal

PLIS OPSYON SWEN SANTE:

Pou jwenn èd pou jwenn swen sante ak medikaman sou preskripsyon ki gratis oswa ki pa koute chè, pou aplike pou benefis, pou jwenn manje lokal oswa opsyon lojman ak plis ankò, gade fèy Resous sante nou an nan www.ncjustice.org/health-resources

